

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan sarta pedaran dina bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngalarapkeun modél *Cooperative Group Investigation* téh kagolong can mampuh kalayan rata-rata peunteun nyaéta (65.40) tina KKM 75, hartina masih di handap KKM. Tina 20 siswa ngan 3 siswa atawa (15%) dikatégorikeun mampuh luyu jeung KKM, sésana 17 siswa atawa (85%) nu asup kana katégori can mampuh nyaéta teu nyumponan KKM. Ieu hal dumasar kana aspék nu dipeunteun nu ngawengku aspék eusi warta (unsur-unsur warta 5W+1H) hasilna (53) tina skor maksimum (60); basa tulis dina warta hasilna (9,25) tina skor maksimum (30); téhnik midangkeun warta hasilna (3,15) tina skor maksimum (10).
- 2) Kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus ngalarapkeun modél *Cooperative Group Investigation* téh kagolong mampuh kalayan rata-rata peunteun nyaéta (82.25) tina KKM 75, hartina geus leuwih ti KKM. Tina 20 siswa (85%) geus ngahontal KKM. Ieu hal dumasar kana aspék nu dipeunteun nu ngawengku aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H) hasilna (59,5); basa tulis dina warta hasilna (17,65); téhnik midangkeun warta hasilna (5,1).
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* ka siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 kalayan rata-rata peunteun *pre-test* (65,40) jeung *post-test* (82,25), pangaruh modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis téks warta ngahasilkeun rata-rata selisih 16,85. Kapaluruh tina hasil uji *statistic* nilai signifikansi (*Sig. 2-tailed*) nyaéta ( $0,000 < 0,05$ ). Hartina modél *Group*

*Investigation* bisa digunakeun dina pangajaran nulis ték warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Béda anu signifikan dina nulis téks warta ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* nyaéta aspék eusi warta (unsur-unsur 5W+1H) rata-rata peunteun 53 jadi 59,5. Dina aspék basa tulis warta rata-rata peunteun 9,25 jadi 17,65. Dina aspék téhnik midangkeun warta rata-rata peunteun 3,15 jadi 5,1. Katitén tina tilu aspék penilaian nu paling ngaronjat nyaéta aspék basa tulis dina warta.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Group Investigation* nu digunakeun dina ieu panaalungtikan pangajaran nulis téks warta. Meunang sawangan nu hadé sarta positif ti siswa jeung guru. Ku sabab, dina prak-prakanna modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngirut jeung dipikaresep. Nalika lumangsungna prosés diajar di kelas, ieu modél numuwuhkeun rasa sumanget gawé bareng, numuwuhkeun kréatifitas siswa, siswa silih sumbang ideu sarta informasi ngeunaan warta, sarta ngaronjatkeun prosés sosial.

## 5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ieu panalungtikan dilaksanakeun kalayan ngagunakeun modél *Group Investigation* dina pangajaran nulis téks warta. Aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun, saperti ieu di handap.

- a. Modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta. Ku kituna, ieu modél bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran basa Sunda.
- b. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* ngagunakeun ékspérimén murni.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih asak tur hadé nataharkeun panalungtikan.